



## Egzanpsyon Homestead pou 2021

Tout rezidan Florida ki kalifye, elijib pou resevwa yon Egzanpsyon Homestead sou kay yo, apatman kondominyòm ak sèten teren pou woulòt (mobile home). Pou kalifye pou Egzanpsyon Homestead la, ou dwe pwopriyete yon kay epi kay la se dwe rezidans pèmanant ou nan dat 1ye janvyè nan ane lè ou fè aplikasyon an pou egzanpsyon ki gen anpil valè sa a. Konfòmman ak lalwa Florida, tout evalyasyon ak egzanpsyon yo baze sou estate pwopriyete a nan dat 1ye janvyè. Si ou te achte epi/oswa ou fèpwopriyete a tounen rezidans pèmanant ou an 2020 epi ou pa t aplike pou Egzanpsyon Homestead lan, ou kapab aplike pou egzanpsyon pou lane 2021 yo nenpòt kilè – ou pa bezwen tann jiska 2021 pou prezante aplikasyon ou pou egzanpsyon nan Biwo Evalyate Pwopriyete a. Ou kapab aplie sou Entènèt fasilman nan <https://web.bcpa.net>

### **Dat limit presi pou voye aplikasyon pou tout egzanpsyon 2021 yo se 1ye mas 2021.**

Ou dwe fè pwopriyete a tounen rezidans pèmanant ou anvan 1ye janvyè 2021 oplita pou li ka kalifye; sepandan, ou gen jiska 1ye mas pou prezante aplikasyon ou san delè opre biwo evalyate pwopriyete a. Dat limit an reta pou tout egzanpsyon 2021 yo se 20 septanm 2021. Pou jwenn enfòmasyon konsènan tout lòt egzanpsyon ki disponib pou aplikasyon ki kalifye yo, tanpri al gade nan paj “Egzanpsyon ak Klasifikasyon yo” ki sou wèbsayt nou an nan <https://web.bcpa.net/bcpaclient/#/Homestead>.

Yon fwa yo fin apwouve li, Egzanpsyon Homestead ou an pral renouvle otomatikman chak ane, a kondisyon pwopriyete a pa chanje oswa sa yo fè ak pwopriyete a pa chanje. Si ou deja aplike epi yo dakò ba w Egzanpsyon Homestead la sou pwopriyete kote ou ye a kounye a, ou pa bezwen re-aplike yon lòt fwa pou egzanpsyon sa a. Ou pral resevwa yon kat renouvèlman Egzanpsyon Homestead mwa pwochen an epi w ap kenbe li nan dosye lakay ou.

Si biwo mwen an kapab ede w nan nenpòt zafè, tanpri pa ezite kontakte mwen dirèkteman nan 954.357.6904 oubyen voye yon imèl nan [martykiar@bcpa.net](mailto:martykiar@bcpa.net).

Pòte w byen,

Marty Kiar, CFA

